



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 1ye novanm 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LWA SEVÈ POU DIMINYE SOU JÈN YO KAP TÈKS PANDAN YAP KONDWI AP RANTRE ANVIGÈ JODIA

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lwa ki pi sevè pou diminye sou tèks pandan jèn yo ap kondwi ak otomobilis yo ki pa gen eksperyans antre anvigè jodia.

Daprè lwa a, jèn ak nouvo chofè yo ki kondane paske yap tèks pandan yap kondwi pral gen lisans yo sispann pou 120 jou nan premye enfraksyon an, epi revoke pou yon lane nan ka kondanasyon pou yon dezyèm enfraksyon oswa residivis nan lespas sis mwa apre dat re-emisyon lisans lan.

“Abitid kondwi yo devlope byen bonè, e nap voye yon mesaj klè ki di tèks pandan wap kondwi pa ansekirite, li pa akseptab e tou kareman danjere,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Gen anpil trajedi ki te kapab evite akòz de tèks pandan yap kondwi e avèk nouvo penalite sa yo, nap chèche pou chanje konpòtman jèn chofè yo kounye a, epi rann wout New York yo pi ansekirite pou tout moun.”

Daprè Administrasyon National Highway Traffic Safety, 10 pousan nan tout chofè yo ki anba laj 20 ane te enplike nan aksidan mòtèl ke yo te siyale tankou distrè nan moman aksidan an. Tranch laj la gen pi gwo pwopòsyon chofè ki distrè.

Gouvènè Cuomo te fè kondwi san danje yon priyorite nan New York. Soti nan aplikasyon sanksyon ki pi sevè a kenbe chofè yo ki gen istwa alkòl oswa enfraksyon ki gen rapò a dwòg andeyò wout la, pou diminye sou vitès ak chofè agresif yo epi etabli “Zòn Tèks” espesyal sou wout nou yo kidonk otomobilis yo ka mete yo akote epi itilize aparèy elektwonik yo san danje, administrasyon sa a ap travay aktivman pou adapte a tandans kap chanje ak teknoloji pou pi byen kenbe wout New York yo ansekirite. Efò sa yo te kontribye anplis pou ede Thruway New York pa twò lontan de sa eksperimante ane ki pi ansekirite li genyen nan istwa.

Sanksyon ki pi sevè yo ki te antre anvigè jodia te pase nan kad Bidjè 2014-2015 lan.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride